



## **Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation, CR)**

Nimewo: **D-210**

Sijè: **KÒD KONDUIT KONSÈY EDIKASYON POU KOMINOTE A AK VIL LA AK PWOSEDI POU POTE  
PLENT: REGLEMAN KONT DISKRIMINASYON AK ARASMAN**

Kategori: **KONSÈY EDIKASYON KOMINOTÈ AK VIL LA**

Pibliye: **22 desanm 2021**

### **KONSÈY (pibliye 28 out 2024)**

Chanselye a sispann anfòsman aplikasyon atik II(C) ak (D) ann atandan yon reevalyasyon. Atik II(C) entèdi pou Manm Konsèy yo pou gen konduit ki fèt pou arase, entimide, oswa menase, ladan fè vyolans vèbal souvan ak di pawòl agresif ki pa nesèsè ki sèvi pou entimide ak lakòz lòt moun gen enkyetid pou sekirite pèsònèl yo. Atik II(D) a entèdi Manm Konsèy pou angaje nan konduit ki enplike kòmantè denigran oswa ofansif kont okenn elèv DOE.



## **Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)**

Nimewo: **D-210**

Sijè: **KÒD KONDUIT KONSÈY EDIKASYON POU KOMINOTE A AK VIL LA AK PWOSEDI POU POTE PLENT: REGLEMAN KONT DISKRIMINASYON AK ARASMAN**

Kategori: **KONSÈY EDIKASYON KOMINOTÈ AK VIL LA**

Pibliye: **22 desanm 2021**

### **REZIME**

Regleman sa a tabli regleman kont diskriminasyon ak arasman Depatman Edikasyon Vil Nouyòk ki gouvène konduit manm yo eli ak manm yo nonmen nan Konsèy Edikasyon pou Kominote a ak pou Vil la, epi li tabli yon pwosedi pou pote plent ak rezoud konfli ak vyolasyon regleman sa a.

### **ENTWODIKSYON**

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk rekonèt lidèchip ak angajman paran se poto mitan lekòl yo. Se regleman DOE pou devlope ak kenbe yon anviwonman pozitif ak favorab pou dirijan paran yo eli yo ak sa yo nonmen yo ki pa gen diskriminasyon, arasman, prejije, rasis ak entimidasyon. DOE angaje l pou trete tout paran avèk respè ak diyite epi pou ofri opòtinite pou patisipasyon ak angajman paran nan yon fason ekkitab ak jis. DOE angaje l pou afime divès idantite rasyal, lengwistik, ak kiltirèl nan lidèchip paran, elve ak sipòte vwa ki istorikman majinalize, ak ranfòse paran kòm ajan chanjman sosyal.

Kòm paran yo eli oswa yo nonmen, Manm Konsèy la gen devwa pou obsève yon nòm etik elve, entegrite ak dekowòm. Yo atann pou manm Konsèy yo aji kòm modèl egzanp nan konsèy ak nan kominote yo kote yo sèvi a, ak pou pran responsablite yo nan yon fason ki respekte dwa tout paran ak elèv yo sèvi yo.

Anplis pou respekte regleman sa a, manm Konsèy yo dwe respekte tout lwa, lwa entèn, regleman oswa règ, nòm, direktiv ak akò ki konsène wòl yo kòm manm Konsèy.

### **DEFINISYON**

Definisyon sa yo aplike pou objektif regleman sa a.

1. CCEC se yon Konsèy Edikasyon pou kominote distri a (Community District Education Council) ak/oswa Konsèy Tout Vil la (Citywide Council).

**D-210 – KÒD KONDUIT KONSÈY EDIKASYON POU KOMINOTE A AK VIL LA AK PWOSEDI POU POTE PLENT: REGLEMAN KONT DISKRIMINASYON AK ARASMAN – 22/12/2021**

2. Manm Konsèy la se yon manm yo eli oswa nonmen nan youn nan 32 Konsèy edikasyon distri kominotè yo, oswa 4 konsèy Vil la: Konsèy Vil la pou lekòl segondè, Konsèy Vil la pou edikasyon espesyal, Konsèy Vil la pou elèv k ap aprann lang angle, ak Konsèy Vil la pou distri 75.
3. Konduit fè referans avèk konpòtman ak aksyon vèbal ak fizik, ki gen ladan yon itilizasyon lang aloral ak alekri manm konsèy la, lè sa rive pandan oswa nan (a) reyinyon CCEC, (b) aktivite CCEC òganize, (c) eleksyon ak kanpay CCEC, (d) aparans piblik ak aktivite yon manm konsèy la ale kòm yon manm ofisyèl, ak (e) lòt aktivite lè konduit sa a kreye oswa ta kreye yon risk pètibasyon yon fason moun pa ka prevwa anndan distri a oswa Manm Konsèy kominote lekòl la ap sèvi ak/oswa entèfere avèk fonksyonman CCEC a oswa pèfòmans sèvis CCEC Manm Konsèy la.
4. FACE se (Biwo Ranfòsman kapasite fanmi ak kominote, Office of Family and Community Empowerment) Depatman Edikasyon Vil Nouyòk, yon ekip ki responsab pou devlope ak sipòte estrikti pouvwa paran nan lekòl Vil Nouyòk.
5. Ajan pou respè ekite (“Equity Compliance Officer, ECO”) se yon anplwaye DOE ki responsab pou resevwa, reponn, trete, ak envestige plent ki denonse vyolasyon regleman sa a.
6. Konsèy Ekite FACE (“Equity Council”) se yon ekip lidè paran nan Konsèy yo ak nan Komite Konsiltatif paran Chanselye FACE nonmen ki dwe bay rekòmandasyon pou FACE sou anbochaj ak kenbe ECO epi yo ka bay rekòmandasyon nan rezolisyon plent yo voye bay ECO a.
7. Yon paran se yon paran (dapre nesans oswa adopsyon, yon bòpè/bèlmè oswa paran ki akeyi timoun lan pou l viv lakay li (foster parent)), responsab legal, oswa yon moun ki gen yon lyen paran ak yon timoun. Yon moun ki gen yon lyen paran ak yon timoun se yon moun ki responsab dirèkteman swen ak kontwòl yon timoun regilyèman nan plas yon paran oswa yon responsab legal.
8. Enfòmasyon pou idantifye pou pwòp tèt ou gen ladan, pami lòt bagay, non, laj, adrès lakay oswa travay, nimewo telefòn, dat ou fèt, kondisyon sitwayènte, afilyasyon relijyon oswa ras, kondisyon anplwa ak anplwaye, non lekòl elèv yo ale ak tip plas edikasyon oswa pwogram timoun.
9. OSI se Biwo Envestigasyon Espesyal Depatman Edikasyon Vil Nouyòk.
10. SCI se Komisè espesyal investigasyon pou Distri lekòl Vil Nouyòk, yon ajans endepandan ki envestige move konduit nan Distri lekòl Vil Nouyòk.



## **Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)**

Nimewo: **D-210**

Sijè: **KÒD KONDUIT KONSÈY EDIKASYON POU KOMINOTE A AK VIL LA AK PWOSEDI POU POTE PLENT: REGLEMAN KONT DISKRIMINASYON AK ARASMAN**

Kategori: **KONSÈY EDIKASYON KOMINOTÈ AK VIL LA**

Pibliye: **22 desanm 2021**

### **I. DIMANSYON**

- A. Konpòtman ki vyole règleman sa a kapab sèvi kòm baz pou disiplin, menmsi li pa rive nan nivo lwa federal, lwa eta a, oswa lwa lokal sou diskriminasyon.
- B. Yon Manm Konsèy ki vyole regleman sa a, tankou pandan kandidati li oswa avan kòmansman manda Konsèy la, yo ka pran mezi disiplin kont li jan sa tabli nan Seksyon III.
- C. Manm konsèy yo pa dwe lakoz , mande, oswa ankouraje okenn moun, antite oswa òganizasyon kote yo afilye pou fè pwomosyon oswa angaje nan konduit ki ta vyole regleman sa a si Manm Konsèy la angaje nan sa

### **II. KÒD KONDUIT**

- A. DOE entèdi diskriminasyon oswa arasman sou baz ras, koulè, relijyon, kwayans, etnisite, orijin nasyonal, etranje , estati sitwayènte, laj, kondisyon matrimonyal, kondisyon vi konjigal, andikap, oryantasyon seksyèl, sèks, ak estati militè.
- B. Manm Konsèy yo pa dwe angaje nan okenn konduit ki soumèt okenn moun oswa yon antite nan diskriminasyon oswa arasman sou baz ki tabli nan Seksyon II.A.
- C. Manm Konsèy yo pa dwe gen konduit ki fèt pou arase, entimide, oswa menase, ladan fè vyolans vèbal souvan ak di pawòl agresif ki pa nesèsè ki sèvi pou entimide ak lakòz lòt moun gen enkyetid pou sekirite pèsònèl yo.
- D. DOE pa p tolere pou moun derespekte timoun. Manm Konsèy yo pa dwe angaje nan konduit ki enplike kòmantè denigran oswa ofansif kont okenn elèv DOE.
- E. Manm Konsèy yo pa dwe angaje nan konduit ki ta revele, pataje oswa devwale piblikman enfòmasyon sou lavi prive oswa ki kapab idantifye pèsònèlman yon elèv DOE oswa yon manm fanmi elèv sa a san konsantman yo.

- F. Manm Konsèy yo pa dwe sèvi avèk okenn lis imel, lis, sitwèb, kont medya sosyal oswa lòt platfòm kominikasyon kote yo gen aksè nan pozisyon yo kòm yon manm konsèy pou fè fo deklarasyon sou lòt moun, pou pwòp benefis pèsònèl yo oswa benefis prive, oswa pou fè andosman yon kandida endividyèl oswa yon ansanm kandida.
- G. Manm Konsèy yo dwe asire ke tout paran oswa nenpòt enfòmasyon sou kontak elèv Konsèy la genyen pwoteje kont divilgasyon epi yo itilize yo sèlman pou rezon lejitim, objektif ofisyèl Konsèy la, men yo pa itilize yo pou kominikasyon pèsònèl, fè lobby oswa kanpay.
- H. Manm Konsèy yo pa dwe itilize pozisyon yo pou yo benefisyè tèt yo pèsònèlman oswa finansyèman, manm fanmi yo, oswa tout moun oswa konpayi yo genyen yon biznis oswa relasyon finansye.
- I. Manm Konsèy yo responsab pou familiarize tèt yo avèk règleman sa a epi patisipe nan tout opòtinite trening ak edikasyon kontini ke FACE ap òganize dapre Lwa Edikasyon New York Seksyon 2590-e(7).

### **III. AKSYON POU KORIJÈ YON PWOBLÈM OSWA POU BAY YON PINISYON**

Aksyon korektif oswa disiplinè ka apwopriye lè konduit yon manm konsèy la vyole règleman sa a, oswa nenpòt lòt dispozisyon lalwa aplikab, lwa entèn, règ oswa règleman, nòm, direktiv ak akò.

Yo dwe pran tout aksyon korektif oswa disiplin ki konsistan avèk Lwa Edikasyon Seksyon 2590-I epi li ka gen ladan, men se pa sa sèlman, piblikasyon yon lòd pou sispann move kondwit oswa pran aksyon obligatwa, oswa sispansyon oswa retire yon manm.

Yo ka entèdi manm Konsèy yo te retire nan biwo a pou konduit yo pou yo vin sèvi apre sa nan nenpòt Konsèy, oswa lekòl oswa Komite Konsiltatif paran distri Tit I.

### **IV. PWOSESIS POU POTE PLENT**

- A. Pote yon plent
  1. Moun ka pote plent pou yon vyolasyon règleman sa a bay ECO nan itilize tout metòd sa yo: yon fason elektwonik nan itilize fòm plent ki disponib nan [lyen]; oswa nan avize ECO pa imel, telefòn, lapòs, oswa an pèsòn nan nimewo oswa adrès yo bay nan fen règleman sa a.
  2. Plent yo dwe endike non moun ki pote plent lan (yo) epi genyen yon nimewo telefòn oswa adrès imel kote yo ka kontakte yo. Yo pa pral aksepte plent anonim.
  3. Yo pral voye yon plent ki akize vyolasyon règleman sa a nan pa plis pase 60 jou nan kalandriye apre swadizan ensidan an.
  4. Pandan pwosesis plent lan, yo pral bay sèvis asistans pou lang jan sa nesesè

konfòmeman avèk Règleman Chanselye A-663.

5. Anplis, moun ka pote plent pou vyolasyon règleman sa a dirèkteman nan SCI nan <https://nycsci.org/online-complaint-form/> oswa 212-510-1400.
6. Yo dwe voye ba SCI yon plent yo pote nan ECO pou konduit ki enplike koripsyon, aktivite kriminel, oswa konfli enterè epi, epi lè yo akize aktivite kriminel, Depatman Lapolis Vil Nouyòk.

**B. Repons inisyal**

1. ECO a dwe rekonèt li resevwa yon plent alekri bay moun ki pote plent lan nan 2 jou ouvrab apre li resevwa yon plent. ECO a dwe bay Konsèy ekite FACE la yon kopi plent lan.
2. Yo dwe kenbe plent yo nan dosye FACE. Plent ak investigasyon an dwe rete konfidansyèl eksepte jan sa endike nan Seksyon IV.C.3.
3. Si ECO, nan komunikasyon avèk Konsèy Ekite a, kwè konduit sa a se yon konduit kriminel nan nati l, poze yon danje imedya pou sekirite oswa byennèt elèv oswa nenpòt anplwaye DOE, oswa ki kontrè ak pi bon enterè distri lekòl Vil Nouyòk la. ECO a ka mande pou Chanselye a sispann oswa retire Manm Konsèy yo pote plent pou li a annadan yo fin fè investigasyon an.

**C. Pwosedu pou investige plent**

1. Nan 3 jou ouvrab apre yo fin resevwa yon plent, ECO a dwe revize plent lan pou detèmine si plent lan montre yon konduit yo repwoche a règleman sa a entèdi.
2. Si ECO a detèmine plent lan montre yon konduit règleman sa a entèdi, ECO a dwe mennen yon investigasyon nan fè entèvyou avèk pati yo ak temwen yo epi revize prèv ki enpòtan yo. Yon sijè nan yon plent gen dwa pou reponn akizasyon yo. ECO dwe ranpli investigasyon li a nan 60 jou kalandriye apre li resevwa yon plent.
3. Se règleman DOE pou respekte vi prive tout pati ak temwen konsènan plent yo pote dapre règleman sa a. Sepandan, yo dwe konsidere nesite pou konfidansyalite dapre obligasyon yo genyen pou kondui ak kolabore avèk investigasyon yo mande a, pou bay moun yo akize a dwa li genyen (due process), ak/oswa pou pran dispozisyon nesèsè pou konsilye oswa pou rezoud plent lan. Kidonk, yo ka bezwen pou devwale enfòmasyon osijè plent lan nan kèk sikonstans jan sa apwopriye.
4. Apre investigasyon an, ECO a dwe voye yon rapò alekri sou rezilta investigasyon an ak yon rekòmandasyon pou si wi oswa non te gen vyolasyon règleman sa a, ak rekòmandasyon pou korije oswa disipline aksyon an nan Konsèy Ekite a. Konsèy Ekite a dwe revize rezilta ak rekòmandasyon yo ak, nan 10 jou kalandriye a, bay ECO rekòmandasyon li fè yo.
5. Nan ka yon dezakò ant ECO a ak Konsèy Ekite a, se rekòmandasyon ECO a k ap konte.

**D. Desizyon**

1. Nan 60 jou kalandriye apati ECO a resevwa plent lan, ECO a pral bay Chanselye a rekòmandasyon sou si wi oswa non te gen yon vyolasyon règleman sa a, ak aksyon apwopriye pou korije oswa disipline , sofsi sikonstans yo mande yon pwolonje peryòd tan an.
2. Nan 10 jou ouvrab apre yo fin resevwa rekòmandasyon ECO a, Chanselye a oswa reprezantan li pral piblye yon detèminasyon alekri sou si wi oswa non te gen yon vyolasyon règleman sa a, ak aksyon apwopriye pou korije oswa disipline. Yo pral fè moun ki pote plent lan(yo) ak moun yo akize a(yo) konnen alekri enfòmasyon sou desizyon yo pran an.

**E. Opòtinite pou konsilyasyon**

1. Avan aplikasyon nenpòt aksyon korektif oswa disiplinè, Manm Konsèy y ap pran aksyon an pral gen yon opòtinite pou konsilyasyon avèk Chanselye a oswa reprezantan Chanselye a nan 10 jou kalandriye apre desizyon Chanselye a.
2. Chanselye a ka sispann oswa retire yon manm Konsèy san yo pa gen opòtinite pou konsilyasyon si konduit la:
  - a. kriminel nan nati,
  - b. poze yon danje imedya pou sekirite oswa byennèt elèv oswa nenpòt anplwaye DOE, oswa
  - c. dapre jijman Chanselye a, li pa mache nan pi bon enterè distri lekòl Vil Nouyòk la.

**V. VANJANS**

Se règleman DOE pou entèdi vanjans kont nenpòt moun ki pa dakò avèk praktik diskriminasyon oswa ki pote plent kont diskriminasyon oswa arasman dapre règleman sa a, oswa moun ki depoze plent oswa patisipe nan investigasyon an sou yon vyolasyon règleman sa a. Yo konsidere tout aksyon negatif kont moun akòz patisipasyon an kòm vanjans.

**VI. Revizyon anyèl**

ECO ak Konsèy Ekite dwe revize règleman sa a ak fè mizajou chak ane si sa nesèsè dapre lalwa.

**VII. DEMAND RANSÈYMAN**

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, voye yo bay:

Office of Family and Community Empowerment  
N.Y.C. Department of Education  
52 Chambers Street - Room 405  
New York, NY 10007  
Telefòn: 212-374-4118  
Imèl: FACE@schools.nyc.gov

Equity Compliance Officer (Ofisye Respè Ekite)  
N.Y.C. Department of Education  
52 Chambers Street - Room [Yo gen pou anonse l]  
New York, NY 10007  
Telefòn: [Yo gen pou anonse l]  
Imèl: [Yo gen pou anonse l]